



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 234 MILYON DOLA NAN ASISTANS ALIMANTÈ SIPLEMANTÈ POU MWA JEN AN

Tout fwaye SNAP yo pral resevwa nivo avantaj alimantè maksimòm mwa sa a

Avantaj alimantè siplemantè yo ede apeprè 2.8 milyon Nouyòkè evite ensekirite alimantè.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke tout Nouyòkè ki enskri nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) a pral resevwa nivo avantaj alimantè maksimòm ki otorize pou mwa jen an. Tout fwaye k ap patisipe nan SNAP yo—sa gen ladan sila yo ki deja nan nivo avantaj maksimòm yo—pral resevwa alokasyon siplemantè mwa sa a, sa ki pral mennen nan yon enjeksyon apeprè 234 milyon dola finansman federal nan ekonomi Eta New York la.

"Twòp fwaye kontinye gen difikilte ak ensekirite alimantè epi nan anpil sikonsans, difikilte sa yo se yon rezulta dirèk bilan ekonomik ke pandemi COVID-19 la te lakòz", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap kontinye konstwi ekonomi eta nou an pi byen pase jan sa te ye anvan, avantaj alimantè maksimòm sa yo pral ede mete manje sou tab Nouyòkè yo, pandan sa ap bay tou detayan lokal ak biznis ki gen rapò yo yon enjeksyon kapital ki byenvini".

Yo bay sipleman èd ijans lan pou tout fwaye yo, sa gen ladan sila yo ki nòmalman resevwa avantaj maksimòm ki otorize chak mwa nan SNAP, yon pwogram gouvènman federal la finanse epi se Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) eta a ki sipèvize li. Fwaye sa yo ki deja toupre oswa nan nivo maksimòm avantaj la—835 dola pou yon fwaye ki gen kat moun—pral resevwa yon peman siplemantè omwen 95 dola.

Fwaye SNAP nan tout konte ki andeyò Vil New York yo ta dwe wè avantaj anplis sa yo afiche jodi a ak vandredi 17 jen. Fwaye SNAP sa yo nan reyon senk konte Vil New York ta dwe wè avantaj pa yo afiche ant vandredi 17 jen ak jedi 30 jen.

SNAP jwe yon wòl enpòtan nan rekiperasyon ekonomik kontinyèl New York la epi te enjekte plis pase 1 milya dola nan ekonomi eta a mwa janvyé sa. Chak dola federal ki

envesti apati SNAP jenera jiska 1.54 dola nan aktivite ekonomik, dapre yon [etid federal](#) ki mezire enpak SNAP sou ekonomi Etazini an.

Avantaj sa yo tou se yon mwayen sovtaj enpòtan pou Nouyòkè ki nan bezwen yo, piske anviwon 14 poustan popilasyon eta a te konte sou avantaj SNAP yo ane pase dapre [yon etid resan](#). Plis pase mwatye fwaye benefisyè se te fanmi ki gen timoun epi apeprè 48 poustan te gen yon adilt ki gen plis pase 55 ane oswa yon moun ki te andikape.

OTDA te kòmanse bay avantaj siplémentè an ijans an avril 2020 pou fwaye SNAP sa yo k ap resevwa mwens pase kantite maksimòm avantaj chak mwa a. Lè deklarasyon ijans Eta New York la te ekspire an jen 2021 an, ajans lan te travay avèk siksè ak gouvènman federal la pou garanti alokasyon maksimòm pou tout fwaye SNAP yo jiska ekspirasyon deklarasyon federal la, ki kounye a yo prevwa k ap pwolonje jiska mwa oktòb.

Nouyòkè yo te kontinye konte anpil sou SNAP ete sa, avèk plis pase 1.6 milyon fwaye, sa gen ladan plis pase 2.8 milyon Nouyòkè, nan tout eta a ki enskri nan pwogram lan nan mwa avril.

Vil New York te genyen yon ti bès nan kantite benefisyè SNAP yo nan mwa avril la, apre kat mwa ogmantasyon konsekatif. Anviwon 1.7 milyon moun k ap viv nan zòn senk awondisman te fè pati yon fwaye SNAP nan mwa avril la.

An revanch, zòn ki andeyò Vil New York yo te obsève yon ogmantasyon konstan nan kantite benefisyè SNAP yo depi out 2021. Nan mwa avril la, anviwon 1.1 milyon moun k ap viv nan zòn metwopoliten senk konte yo te fè pati yon fwaye SNAP.

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikape a, Daniel W. Tietz, te deklare, "Avantaj alimantè maksimòm yo te jwe yon wòl enpòtan nan ede Nouyòkè yo evite ensekirite alimantè pandan pandemi an, epi sa kontinye jodi a pandan ekonomi nou an kontinye ap retabli. Avantaj siplémentè sa yo ap bay moun ak fanmi yo nan eta a resous yo bezwen pou mete manje sen, nourisan sou tab yo chak mwa, pandan n ap rekiperé apre kriz sante pubblik sa a ansanm".

Menm jan pou mwa ki pase yo, peman yo ap fèt dirèkteman sou kont Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefit Transfer) benefisyè yo déjà genyen an epi y ap kapab itilize l avèk kat EBT yo déjà genyen an. Menm jan ak avantaj nòmal SNAP yo, avantaj siplémentè yo ka sèvi pou achte manje nan magazen ki vann manje an detay ki otorize yo. Tout avantaj SNAP ki pa sèvi yo ap otomatikman rapòte nan pwochen mwa k ap vini an.

Jwenn plis enfòmasyon sou avantaj siplémentè SNAP pou ka dijans yo, ansanm ak repons pou kesyon moun poze souvan yo, [isit la](#). Nouyòkè yo ki enterese enskri kapab verifye elijibilite yo pou SNAP, epitou aplike sou entènèt, lè yo ale sou [mybenefits.ny.gov](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418